

### SS.7.C.3.7

*Analize enpak trèzyèm, katòzyèm, kenzyèm, diznevyèm, vennkatriyèm, ak vennsizyèm Amanman an sou patisipasyon gwoup minorite yo nan prosès politik Ameriken.*

---

**SS.7.C.3.7 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 2:** Elèv yo pwal evalye enpak Amanman sa yo te genyen sou yon latriye mouvman sosyal.

- **Trèzyèm Amanman an:** Esklav yo te konsidere pwopriete. Yo pat konsidere yo tankou sitwayen, epi yo pat ka vote. Pandan Amanman sa a pat ogmante dwa pou vote, li te bay tout esklav yo libète yo. Li te yon premye pa enpòtan pou mennen jiska dwa vòt yo pou ansyen esklav yo.
- **Katòzyèm Amanman an:** Amanman sa a te di ke nenpòt ki te fèt kòm esklav te yon sitwayen Ameriken. Li te di tou ke leta gouvènman an pap kapab pase lwa ki ta limite dwa sitwayen Ameriken yo. Finalman, li te pwolonje dwa pou vote bay tout gason ki laj venteyinan ou plis.

Enpak katòzyèm Amanman an sou mouvman sosyal yo Ozetazini te enpòtan. Konstitisyon peyi Etazini an kounyè a te pwoteje tout sitwayen Ameriken yo (san wete ansyen esklav yo) kont lwa ki **ta diskriminen** kont yo poutèt ras. Sa te vle di ke Afriken-Ameriken yo ak fanm yo te ka al nan tribinal lè yo ta kwè ke lwa leta yo ta diskriminen kont yo e vyole dwa yo kòm sitwayen Ameriken.

- **Kenzyèm Amanman an:** Amanman sa a te pwotekte dwa pou vote pou nenpòt gason ki gen laj venteyinan. Li te bay Katòzyèm Amanman an fòs.

Ansyen esklav yo te leve kanpe kont **ratifikasyon** trèzèm, katòzyèm, ak kenzyèm Amanman yo. Yo te deside pou eseye anpil lòt fason, espesyalman pase anpil lwa tou nèf, pou Afriken-Ameriken pou vote. Tankou, nan Alabama, Afriken-Ameriken yo te gen pou pran yon **tès “konsesans”** 68 kesyon ke yo dwe reponn kesyon yo konplètman e pafètman nan yon ti tan tou kout. Si Afriken-Ameriken yo ta manke yon kesyon pandan y ap pran tès la, yo pa tap ka enskri pou vote. Nan Mississippi, yo te poze Afriken-Ameriken yo kesyon ki pat gen pyès repons kòrèk, tankou “Konbyen grenn yon melon gen anndan l?” Si w pa ta reponn kesyon an kòrèkteman sa ta vle di ke sitwayen sa yo pat gen pèmasyon pou vote.

Enpak trèzyèm, katòzyèm ak kenzyèm Amanman yo sou yon banm mouvman sosyal kit e gen anpil sinifikasyon. Tankou, sitwayen yo ak gwoup ki enterese yo rele leta a nan tribinal paske lwa leta a ta refize dwa yo genyen pou yo ta sitwayen Ameriken. Gwoup ki enterese yo te òganize mach epi pran pa nan **dezobeyisans sivil** tankou yon fason pou yo pwoteste lwa leta sa yo. Nimewo aktivite pou pwoteste yo ak plent yo pote nan lajistis yo kont leta a ogmante pa ban e pa pakèt nan kòmansman lane 1950 yo.

- **Diznevyèm Amanman an:** Yo pa tap kapab itilize sèks yon moun (*ki vle di si yon moun se mal oubyen femèl*) kòm yon rezon pou refize **sifraj** (*dwa pou vote nan eleksyon politik, yon seri priyè entèsesyon oswa petisyon*) oswa dwa pou vote. Amanman sa te di ke leta a ak gouvènman federal la pa tap ka anpeche fanm yo vote.

Ratifikasyon diznevye Amannman an te bay fanm yo pouvwa ke yo pat janm genyen avan. Nan kòmansman 1960 (*milnèfsan swasant*) yo, fanm yo te kòmanse fòme anpil gwoup ki enterese jis pou fè sèten ke yo genyen opòtinite pou travay egal ego, ansanm lòt opòtinite ekonomik, ak sosyal yo. Fanm yo te konn pase nan mach ak pwotès pou dwa fanm yo. Jodia, gen plis fanm ke te pase yo janm genyen poze kandida, genyen, eli nan biwo nan tout nivo nan gouvènman an. Fanm sa yo te pote plent nan lakou federal ak lwa leta yo ka diskrimen kont yo paske yo se fanm.

- **Vennkatriyèm Amendman:** Anvan vennkatriyèm Amannman an, plizyè eta te eseye pou chaje pèp la lajan (**taks yon biwo vòt**) pou kite yo vote. Souvan yo te bloke minorite sa yo (espesyalman Afriken-Ameriken yo nan ansyen eta esklav yo) oubyen moun pòv yo pou pa vote. Ratifikasyon vennkatriyèm Amannman an te pèmèt plis minorite yo ak moun pòv yo vote paske li te vinn fè taks biwo vòt yo **yon bagay ki pa konstitisyonèl**. Youn nan enpak Amannman an se ke kandida yo ansanm ak lidè ki te eli yo kounyè peye plis atansyon ak sak trakase moun pòv yo ak minorite yo paske yo konnen ke moun sa yo ka vote nan eleksyon yo.
- **Vennsizyèm Amannman**, te ratifye an 1971, li te di ke nenpòt sitwayen Ameriken ki gen dizwitan ou pi gran te ka vote. Anvan 1971 (milnèsan swasann onz), gouvènman federal ak kèk eta, yo te pèmèt sèlman moun ki gen venteyiman oubyen pi gran pou vote. Youn nan enpak Amannman sa a se ke kandida yo ak lidè ki eli yo peye plis atansyon ak sak trakase jèn moun paske yo konnen ke jèn moun yo kap yo nan eleksyon an.

**dezobeyisans sivil** – yon fasin pou refize obeyi yon seri de lwa kòm yon fòm pwotès politik

**diskriminasyon** – fason out rete yon moun oubyen yon gwoup diferan de tout moun poutèt ras, relijyon, sèks, andikape, oswa lòt rezon an

**diznevye Amandman** - yon amandman nan Konstitisyon peyi Etazini an ki bay fanm yo dwa pou vte right to vote

**gwoup ki enterese** - yon gwoup moun ki te konsène avèk pwoblèm an patikilye e ki eseye enfluyans lejislatè yo pou aji an favè yo, yo rele l tou gwoup ak enterè espesyal

**Katòzyèm amandman** - yon amannman nan Konstitisyon peyi Etazini an ki defini sitwayènte, akòde sitwayènte a ansyen esklav yo ak defini votè kòm gason omwen 21 ane daj.

**kenzyèm Amandman** - yon amandman nan Konstitisyon peyi Etazini an ki fè sa vin ilegal pou gouvènman federal ak eta a nye dwa yon moun genyen pou l vote poutèt nan ki ras li soti

**ratifikasyon** - pwosesis pou apwouve fòmèlman yon bagay; ratifikasyon Konstitisyon Etazini an

**sifraj** – dwa pou vote

**taks biwo vòt** – yon kòb yon moun gen pou peye yon fason pou l ka vote

**tès konesans** – yon tès ekri ki te itilize pou deside si yon moun te kalifye pou enskri pou vote

**trèzyèm Amandman** - yon amandman nan Konstitisyon peyi Etazini ki fè esklavaj yon bagay ki pa konstitisyonèl Ozetazini

**vennkatriyèm Amandman** - yon amandman nan Konstitisyon peyi Etazini an ki taks biwo vòt yo ilegal tankou yon bagay ki rekòmande pou vote

**vensizyèm Amandman** - yon amandman nan Konstitisyon peyi Etazini desann laj pou vote a pou vote a pi piti a dizwitan